



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA) AVI REKRITMAN AKADEMISYEN / Me 2021

ENSKRIPSYON POU REKRITMAN NOUVO AKADEMISYEN

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) se yon Enstitisyon Leta endepandan. Misyon li se travay pou devlopman Lang Kreyòl nan sosyete a epi fòmalye ekriti lang kreyòl ayisyen an.

AKA fè tout popilasyon an konnen, li louvri rejis enskripsyon li pou kandida Akademisyen.

Selon Atik 20 Lwa Kreyasyon **Akademi Kreyòl Ayisyen** an, pou yon moun vin Akademisyen, li dwe :

- ❖ Ayisyen, fi kou gason. Pou Kounye a, **AKA** ap bezwen rekrite anpil fanm ;
- ❖ gen 40 lane pou pi piti;
- ❖ ap jwi dwa sivil ak dwa politik li ;
- ❖ yon moun ki travay pou pwomosyon Lang kreyòl, ki fè rechèch sou lang kreyòl osnon ki pwodui nan lang kreyòl ;
- ❖ gen disponiblite pou li patisipe nan rankont ak nan misyon Akademi an nan Kapital la, nan pwovens, nan peyi etranje.
- ❖ gen yon Enstitisyon ki gen rekonesans legal ki pou andose kandidati li.

Pou kandida a jwenn plis enfòmasyon sou misyon **AKA** ak sou wòl Akademisyen yo, li kapab vizite sit Akademi an kote li ap jwenn *Gid rekritman Akademisyen* an ak *Fich enskripsyon Akademisyen*: <http://www.akademikrevol.net> Pou plis detay li ka telefònè : 3333-0815 / 3333-0816.

Kandida a ap depoze yon dosye konplè: Kourikoulòm, kopi diplòm, sètifika, atestasyon, lèt motivasyon, lèt rekòmandasyon, Fich enskripsyon, 2 foto ak lis pwodiksyon li fè nan lang kreyòl, nan adrès pwovizwa **AKA** ki nan Ri Babyòl # 31, lokal Fany Villa an fas Lekòl Sen Jan Evanjelis - ak nan imel [AKA enfomasyon@akademikrevol.net](mailto:enfomasyon@akademikrevol.net)

Dat limit pou kandida yo depoze dosye yo: Vandredi 28 Me 2021 anvan 3è00.